# С.БАҲАДЫРОВА ҲӘМ ҚАРАҚАЛПАҚ ТАРИЙХЫЙ РОМАНЫ

**Утемуратова Хурлиман Қулмуратовна**

*Өзбекстан Республикасы Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими*

*Қарақалпақ гуманитар илимлер илим изертлеў институты, Нөкис*

Ҳәзирги күнде мәмлекетимизде илим-пән, билимлендириў, мәденият ҳәм басқа да тараўларды раўажландырыў бойынша енгизилип атырған реформалардың бағдарында қарақалпақ тарийхый романы, композициясы, сюжети, конфликти, тарийхый искерлер образларының жасалыўы, жазыўшылардың стиллери, жәмийетте ҳәм сиясий турмысымызда тутқан орны ҳәм әҳмийетине үлкен итибар қаратылып, оларды үйрениў бизиң алдымызда турған ўазыйпа болып саналады.

Филология илимлериниң докторы С.Баҳадырова илимпаз ҳәм жазыўшы сыпатында мәлим. Оның «Тәғдир» романының кейинги бөлимлери «Әмиўдәрья» журналында соңғы жыллары жәрияланды. «Тәғдир» романының қаҳарманлары сыпатында Қалмурза урыс ўатандарлық урыс жыллары елде хызмет етеди. Негизинде, романда Гүлжамал, Нурман образлары қоспалы жасалған. Кеңестиң урыста қаҳарманлық көрсетиўи эпизодлары оқыўшыға тәсирли жасалады. «Тәғдир» деген атамасы оқыўшыларды ойландырады.

Оның қарақалпақ гүрриңлери бойынша илимий мақалалары белгили. Ол фольклор мәселелери менен шуғылланады. «Қоблан», «Едиге» ҳәм «Ерзийўар» дәстанлары бойынша изертлеўлери алымларды қызықтырады. Илимпаздың «Фольклор ҳәм қарақалпақ совет прозасы» ҳаққында китабы да баспадан жарық көрди. «Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги» атлы илимий-теориялық китабы профессор С.Ахметов пенен бирликте шығарылды. Роман ҳәм повесть арасында айырмашылы туўралы айтылады.

Илимпазлар С.Ахметов пенен С.Баҳадырованың «Фольклорлық терминлердиң қысқаша сөзлиги» атлы «Билим» баспасынан 1992-жылы баспадан шыққан китабында повесть жанрын төмендегише түсиндиреди: «Повесть турмыста болған шын ўақыяларды хабарлаў арқалы сүўретлейтуғын, роман менен гүрриңниң арасындағы эпикалық жанрдың бир түри» [Ахметов С., 1992. – 152 б]. Демек, роман менен повесттиң айырмашылығы мәселеси ҳаққында сөз етиледи. С.Баҳадырова қарақалпақ тарийхый романының мәселелери бойынша кең түрде сөз етеди.

К.Султановтың «Әжинияз», К.Мәмбетовтың «Посқан ел», Т.Қайыпбергеновтың «Қарақалпақ дәстаны» («Маман бий әпсанасы», «Бахытсызлар», «Түсиниксизлер»), О.Бекбаўловтың «Беруний» [Бекбаулиев О., 1977], «Владимир Қарақалпақов», А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил», А.Султановтың «Дөҳмет», «Ел перзенти», «Наҳақтан төгилген қан»,

Қ.Мәтмуратовтың «Тербенбес. Лепес бай», К.Каримовтың «Аға бий», «Уллы дашт бөрилери», «Ақ қапшық» ҳәм «Дәрўиш» атлы тарийхый темадағы романлары белгили.

С.Баҳадырова К.Мәмбетовтың «Посқан ел» ҳәм А.Садықовтың «Бостансыз бүлбил» романлары ҳаққында пикирлерин билдиреди. Тарийхый романлардағы сюжет, конфликт, копмозиция ҳәм образлар жасалыўы мәселелери бойынша өз пикирлерин көрсетеди.

Шынында да, К.Мәмбетов «Посқан ел» атамасындағы тарийхый шығармасында халқымыздың узақ әсирлердеги тарийхын көркем сүўретлейди.

Қарақалпақ тарийхый романларында ҳүжжетлер поэтикасы, пайдаланылыў өзгешеликлери арнаўлы изертлеўди талап етеди.

Илимпаз С.Баҳадырова К.Мәмбетовтың «Посқан ел» тарийхый эпопеясында сюжет қурыў мәселелери ҳаққында пикирлерин билдиреди: «Романда тарийхый факт, ўақыя, тарийхый адамлар жүдә көп бериледи. XV-XVI әсирлердеги, ҳәтте оннан да үш-төрт әсир илгерилеги қарақалпақ халқының тарийхына байланыслы айтылатуғын тарийхый адамлардың атлары барлығы бар. Улыўма роман тарийхый фактқа бай, бирақ усы бай материал автордың тийкарғы идеясын алып жүриўши жазыўшы сыпатында тарийхқа жәмийетлик-сиясий, философиялық көзқарастан анализ ислеўге (таллаўға – У.Х.) жол бермей, қысып турған сыяқлы.

Қарақалпақ тарийхый романларда кейинги жыллары сюжет ўақыялары дәстүрий усылда избе-из баянланбастан, еске түсириўлер ямаса қаҳарманның ишки кеширмелери, көз алдына келтириўлери, ядқа алыўлары, толғаныслары ҳәм руўҳый ҳалатлары арқалы әмелге асырылады. Тарийхый романларда ҳүжжетлер болыўы, ҳақыйқый қаҳарманлар ҳәрекет етиўи, тарийхыйлық, сюжет тарийх шынлығы тийкарында урылы тәризли өлшемлер негизги орында турады. Романларды тарийхый тийкарларының ҳүжжетлестирилиўи үлкен әҳмийетке ийе саналады. Қарақалпақ тарийхый романының изертлениўи мәселелери әдеўир қурамалы есапланады. Себеби, тарийхый проза өз раўажланыў жолына, дәстүрине, нызамлылықларына ийе саналады, тарийхый шынлықты көркем шынлыққа айналдырыўда, романлар композициясын, сюжетлерин раўажландырыўда, образлар жасаўда ҳәр бир жазыўшы өзинше жол тутады. Жазыўшының фантазиясы тарийхый шығармада баслы орында турады. Солайынша, тарийхый прозада образлар жаратылыўы мәселеси қурамалы есапланады.

К.Мәмбетов «Кәрўан» деталын символлық мәни жүклеп «Түркстан» романында сәўлелендиреди. О.Бекбаўловтың «Беруний» атлы тарийхый романында да Әбиў Райхан Берунийдиң кәрўанға минип, Қундызхан ҳам баласы Райхан менен Хорезмнен Иранға кетиўи сүўретленеди. «Кәрўан

Дарсанға неге асықты», «Кәрўан Дарсанға шөгирилди» деп аталыўшы баплар да бериледи [Бекбаўлов О., 1977. – 292 б].

Кәрўан деталын К.Мәмбетов көркемлик излениўшиликлер менен тарийхый романында пайдаланады. К.Каримовтың «Ақ қапшық» атлы романында да қыз-жигитлер айтысы, зыяпатлар ҳәм миллий ойынлар сүўретленеди. Қ.Айымбетовтың «Өткен күнлерден елеслер» атлы еске түсириўлеринен жазыўшы дөретиўшилик пенен пайдаланады. «Мәддешилер» атлы бапта буны көриў мүмкин. Кисапирлардың өмирин сүўретлеўде де Дәрьябай кисапирдың романда сюжетте ҳәрекет етиўи тастыйықлайды. Илимпаздың мийнетлери менен салыстырып изертлеймиз.

К.Мәмбетов Андрей Белыйдың «Петербург» романындағы сыяқлы ўақыяларды санаўлы күнлерге сыйыстырады. Андрей Белый ҳәдийселерди он күнге жайғастырады. 1905-жылдың 31-сентябрь-9-октябрь күнлери романда сүўретленеди [Долгопопов Л., 1988. – 316 б]. Диалоглар «Согдиана» (Я.Илёсов) романында киби шебер пайдаланылады.

«Ҳәсен: – Мен хан болсам, мениң саямдағы хызметкерлер бахытлы болады. Халыққа салықты көбейтемен. Өзимди де, өз этирапындағы адамларды да байытаман. Сулайман патша сыяқлы мың ҳаял аламан.

Дәрўиш: – Ҳаў, соншама ҳаялды не қыласаң?

Ҳәсен: – Сен түсинбейсең. Оның шәўкети қайда жатыр».

Романда Ҳәсен хожаның диалогында оның ойлары анық бериледи. Демек, диалоглардың көркем пайдаланылғаны белгили болады. Толғаўларда ўақыялар ҳаққында сөз етиледи [Мәмбетов К., 1995. – 108 б].

Америкалық илимпазлар Р.Уэллек пенен О.Уоррен «Әдебият теориясы» илимий мийнетинде тарийхый романлардың романтизм ҳәм миллийлик пенен байланыслы тәреплерине айрықша дыққат қаратады [Уэллек Р., Уоррен О., 1978. – 249 б]. Қарақалпақ тарийхый романларында да миллий өзгешеликлери мәлим болады. Романтикалық бағдардың тәсири де гейпара романларда, әсиресе, К.Мәмбетовтың романларында айқын сезиледи [Мәмбетов К., 1988. – 212 б].

С.Баҳадырова өз изертлеўлеринде сюжет ҳәм мотивлер, көркем қыял ҳаққында пикирлер билдиреди. Демек, көркем қыялдың тарийхый романда пайдаланылыўы сыпатында изертлеўши еки қубылысты атап өтеди:

– көркем қыялдан қаҳарманлардың шығармаға киргизилиўин;

– тарийхый тулғалар образларында қосымша белгилер берилиўин;

Ҳақыйқатында да, тарийхый романда көркем қыялдан қаҳарманлар, персонажлар киргизилиўи мүмкин, тарийхый шахслар образларына да белгилер қосылыўы итимал. Мысалы, К.Каримов «Уллы дашт бөрилери» атлы романында Күлтегин, Тоныкөк, Билке қаған образларына қосымша белгилер

қосады, жазыўшының көркем қыялынан Қабақлы ядашы, Шийрин образы дөретиледи.

Илимпазлар көркем қыялдың көп түрлилиги ҳәм шығарманың барлық бөлекшелеринде оның қатнасыўын айрықша белгилеп өтеди.

«Посқан ел» эпопеясында көркем қыялдан жаратылған персонаж Нәзигүлдиң тәғдири оқыўшыларды бийпарўа қалдырмайды. Жуманның тәғдири де толғандырады. Қарақалпақ дәстанларындағы тәризли саўашлардың жантүршигерлик ҳәдийселери романлардың бетлеринде көрсетиледи. Фольклордағы сүўретлеў дәстүрлеринен прозаик шеберлик пенен пайдаланғаны мәлим болады. Повестьлеринде де усы усыллар қолланылған еди. Демек, тарийхый романларда ҳәр бир жазыўшының стильлик өзгешеликлери белгили болады. Бул тарийхый темадағы дөретпелердиң қатарына К.Каримовтың жаңа романлары қосылды. XXI әсирдеги дөретилген дәслепки романлар ретинде оқыўшылардың қызығыўшылығын пайда етери сөзсиз. Әсиресе, «Ақ қапшық» романы айрықша қызығыўшылық пенен оқылады. Асқар образы оқыўшылар дыққатын тартады. Тарийхый шынлықтан ҳәм ҳүжжетлердиң берген мағлыўматлары бойынша аққапшық деп аталған ашлық жыллары халкымыздың басына көп қыйыншылықлар туўған. Сыдық шайырдың «Аққапшық» қосығында да бул дәўир ўақыялары сүўретленеди.

– Көпек қайың болды, қайыңлар тазы,

Мөмин бенде ҳақ исине ыразы,

Шаппаттай нан болды қызлардың назы, -деп жазған еди Сыдық шайыр.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақ тарийхый романын изертлеўде ҳәм үйрениўде С.Баҳадырованың орны айрықша. Я.Ильясовтың «Согдиана» романында да көркем қыял көмегинде Рахмир, Дейока сыяқлы массегетлер, Баро, Алингар, Варахран тәризли Спитаменниң қасындағы жәрдемшилери образлары жасалады. П.Қадировтың «Жулдызлы түнлер» ҳәм «Хумоюн ҳәм Акбар» романларында көркем қыял жемиси сыпатында Рабия, Тайыр образлары шебер жаратылады. Қосымша сюжет Рабия ҳәм Тайырдың өмирине байланыслы бериледи. Француз жазыўшысы Альфред де Виньидиң «Сен Мар яки Людовик XIII дәўириндеги көтерилис» атлы романында да көркем қыял шебер ислетиледи. Александр Дюманың «Марго королева» романында да тарийхый ўақыяларды сюжетке киргизиўде фантазия белсенди қолланылады. Екатерина Медичи образы менен бир қатарда Рене сыяқлы көркем қыялдан жасалған персонаж ҳәрекет етеди. Король Карл менен Генрихлердиң тәғдирине Рениниң тиккелей тәсир еткенлиги сюжетке енгизиледи.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Баҳадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза. – Нукус: Каракалпакстан, 1984. – с. 250.

2. Баҳадырова С. Қарақалпақ әдебиятында тарийхый роман // «Әмиўдәрья» журналы, 1977. – №11. 112-118 б.

3. Ахметов С., Бахадырова С. Фольклорлық терминлерди қысқаша сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1992. 152 б.

4. Бекбаўлов О. Беруний. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. 240 б.

5. Мәмбетов К. Посқан ел. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1988. 368 б.

6. Мәмбетов К. Түркстан. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1992. 212 б.

7. Султанов К. Әжинияз. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1967. 267 б.

8. Қайыпбергенов Т. Қарақалпақ дәстаны. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1979. 496 б.

9. Бекбаўлов О. Владимир Қарақалпақов. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987. 178 б.

10. Султанов А. Дөҳмет. – Нөкис: Билим, 2008. 160 б.

11. Каримов К. Уллы дашт бөрилери. – Нөкис: Билим, 2014. 280 б.

12. Долгопопов Л. Андрей Белый и его роман «Петербург». – Ленинград: Советский писатель, 1988. – с. 316.

13. Мәмбетов К. Қарақалпақ толғаўлары. – Нөкис: Билим, 1995. 108 б.

14. Уэллек Р., Уоррен О. Теория литературы. – Москва: Прогресс, 1978.

15. Баканов А.Г. Современный зарубежный исторический роман. – Киев: Выщая школа, 1989. – с. 184.